

Zvibodzwa zvako unozviwana sei?

1 Chokwadi

2 **Manyepo** - Zvine njodzi yakakurisisa yekuparadzira hutachiwana hweHIV kune akanga agara aine HIV kare kana kuti achiita gumbo mumba gumbo panze.

3 **Manyepo** - Huwandu hweutachiona hweHIV muvakadzi vechidiki hwakakura uye kutapurirana chirwere ichi kwakakurawo zvekare muvarume vane makore ari pamusoro pemakumi maviri nemashanu kwese kune vakarooro nevasina

4 Chokwadi

5 Chokwadi

6 **Manyepo** - utachiwana hurimo muropa remunhu akahutapura

7 **Manyepo** - utachiona hunogona kutapurirana kubva kuna amai vakazvitakura kuenda kumwana ari mudumbu.

8 Chokwadi

9 Manyepo - hapana mushonga wokurap AIDS

10 Chokwadi

11 Chokwadi

12 **Manyepo** - hazvigoni kuti ungawana utachiwana hweHIV kubva mukubata munhu anahwo.

13 Chokwadi

14 Chokwadi - HIV yakapetwa katanhatu kuvarume vane makore 30 pane varume vane makore 24.

15 Chokwadi

Manyepo - HIV haingaparariri nekungobata munhu ane utachiwana hwacho.

16

17 Chokwadi

Manyepo - AIDS hairapiki uye kutendera kune zvakadai kune njodzi huru

18

19 Chokwadi

20 Chokwadi - Vanodanana kana vakaroorana zvakakosha kuenda kunoongororwa mose.

20

21 Chokwadi

22 Chokwadi

23 Chokwadi

24 Manyepo - Zvimwe zvirwere zvepabonde hazvina zviratidzo

24

25 Manyepo - HIV inoparadzirwa nekuita zvepabonde nemunhu anayo, kana mukadzi akazvitakura anogona kuparadzira utachiwana kumwana pakumupona.

25

26 Manyepo - Kushandisa kondomu kune vakaroorana kwakakosha senzira yekudzivirira kutapurirana HIV. Vakaroorana vanokwanisa kudzivirira kupararira kwehutachiwana panguva iyo chirwere chisati chabuda pachena pamwedzi mitatu yekutanga, vozoenda kunoongororwa uye kugara vachivimbana.

26

HIV ne AIDS Chokwadi kana Manyepo? Ngatipaonei!

Verenga mitsara iyi ugoratidza nekuisa chibodzwa panzvimbo yemanyepo kana pachokwadi. Zvino chienzanisa mhinduro dzako nedziri pabepa rekumashure. Wawana zvibodzwa zvingani?

0-7 chokwadi= Tarisa zvibodzwa zvako zvechokwadi ugoita tsvagurudzo yerumwe ruzivo.

8-13 chokwadi= Zvakanaka, unoziva chimwe chechokwadi asi unodazve kupamhidzira rumwe ruzivo.

14-18 chokwadi= Wagona asi ramba uchiongorora ruzivo rwako.

19-22 chokwadi= Wagona chose, ramba uchiita tsvagurudzo yedenda reHIV neAIDS.

23-26 chokwadi= Zvinonwisa mvura! Paridzira ruzivo urwu kune vamwewo.



Rakatorwa kubva kuCDC



Zvatinotaura



Chokwadi
Manyeipo

Chokwadi
Manyeipo

Chokwadi
Manyeipo

1 Madzimai akawanda echidiki ane makore ari pakati pegumi ne mashanu nemakore makumi maviri nemana vachienzaniswa ne varume vechidiki vezera rimwechete vane utachiwana hweHIV muZimbabwe.

2 Vanhu vakaroorwa vakadziviririka chose kubva kuutachiwana hweHIV.

3 Hazvina njodzi kuti murume arare nemukadzi wechidiki (ari pasi pemakore makumi maviri nemana) uye hazvina njodzi kuti mudzimai wechidiki adanane nemurume akaroorwa.

4 Amai vanogona kutapurira mwana utachiwana hweHIV nekumuyamwisa.

5 Utachiwana hweHIV hunowanikwa mumvura dzinobuda pabonde kubva mumunhu anahwo.

6 Utachiwana hweHIV haumo muropa remunhu aneAIDS.

7 Utachiwana hweHIV hautapuriranwi kubva kuna amai kuenda kumwana kana vachipona.

8 Kugara wakavimbika zvachose kune uyo akavimbikawo zvinobatsira kuderedza kutapuriranwa kweutachiwana hweHIV.

9 N'anga dzinokwanisa kurapa AIDS

10 Munhu ane utachiwana hweHIV anogona kugara achingorwararwara nekufamba kwenguva.

11 Kukurumidza kurapwa zvirwere zvepabonde kunobatsira kudzikisa kupararira kwehutachiwana hweHIV.

12 Hutachiwana hweHIV hunogona kupararira nekugara panzvimbo dzemuzvimbuzi patinozvibatsira tiri vanahwo nevasina.

13 Haungazivi kuti une hutachiwana hweHIV kana usati wanoongororwa ropa.

14 Madzimai echidiki anoita zvepabonde nevarume vechikuru ari panjodzi hombe yekuwana HIV.

15 Munhu ane hutachiwana hweHIV haafaniri kuita zvepabonde asina kuzvidzivirira.

16 Zvine njodzi kubata munhu ane AIDS.

17 Vanhu vane hutachiwana hweHIV vanogona kuratidzika sevane hutano hwakazara.

18 Kuita zvepabonde nemunhu asati ambozviita zvinorapa AIDS.

19 Vanhu vanorarama neAIDS vane mikana yakaenzana nevamwe vese.

20 Zvinoita kuenda nemumwe wako kunoongororwa ropa nekupiwa ruzivo pamwechete.

21 Kuchengetedza kodzero dzevanorarama neHIV neAIDS zvinobatsira kuti vararame vane tariro uye budiriro muupenyu hwavo.

22 Hakuna mushonga wekurapa AIDS.

23 Kurarama uine tariro uye kudya chikafu chinovaka muviri kunodzika uturu hweHIV.

24 Zvirwere zvepabonde zvine zviratidzo nguva dzose.

25 Utunga nezvimwe zvinoruma zvinopadzira hutachiwana hweHIV.

26 Hazvina kana basa kushandisha makondomu